

Lekòl entèmedyè Atizay Bak

2012-2013

Gid Enfòmasyon pou Admisyon ak Odisyon

REVIZE NAN DAT 7 OKTÒB 2011

Elizabeth Kennedy
Direktris

Lee L. Glaze
Kowòdonatè pwogram espesyalizasyon

1725 Echo Lake Drive
West Palm Beach, FL 33407
Telephone 561-882-3801
Fax 561-882-3873

www.edline.net/pages/Middle_School_of_the_Arts
oswa
www.bakmsoa.com

Admisyon pou ane eskolè 2012-2013
Tanpri, pran san w pou li tout papye yo

Pou w kalifye pou w vin fè pati Lekòl Entèmedyè Atizay Bak, fòk elèv la ak fanmi li soumèt yon aplikasyon bay Depatman pwogram espesyalizasyon ak opsyon karyè Distri Lekòl Rejyon Palm Beach nan dat yo mande l la EPI pase tès odisyon pou youn nan pwogram atizay MSOA Bak yo. Se sèlman elèv ki gen Paran abite aktyèlman nan rejyon Palm Beach ki kalifye pou aplike. Lekòl Entèmedyè atizay Bak fè konsiderasyon pou admisyon elèv klas sizyèm, setyèm ak uityèm ane yo ; detout fason, majorite plas ki disponib yo rezève pou nouvo elèv sizyèm ane yo.

Tanpri suiv avèk prekosyon pwosesis yo dekri nan paj apre yo. W ap jwenn tout detay sou pwosesis pou aplikasyon nan Bak MSOA nan etap sa yo:

1. **Voye yon aplikasyon**, voye yon kopi papye oswa sou fòm elektwonik bay biwo Depatman pwogram Espesyalizasyon ak opsyon karyè nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la papita pase Vandredi **16 desanm 2011**.
2. **Prepare w pou fè odisyon** dapre gid pou chak matyè atizay ki nan Gid enfòmasyon Enskripsyon ak Odisyon yo. **Elèv yo ta dwe prepare pou odisyon depi apati 21 janvye 2012**.
3. **Vini nan enskripsyon pou odisyon** an nan Bak MSOA ant 9:30 ak 11:30 nan maten nan youn nan dat sa yo: **11, oswa 12 janvye 2012**. (Ale gade nan paj 3 pou detay). Pandan sesyon oryantasyon sa a w ap kapab pran randevou pou odisyon an. Ou dwe pwofite fè rezèvasyon pou odisyon lè w vin enskri pou odisyon an.
4. **Vini nan odisyon ou lan** nan lè randevou ou te mete a. Odisyon yo ap dewoule soti 21 janvye 2012 rive mwa fevriye 2012 sou randevou sèlman!

Si yon elèv tonbe malad epi li pakab vin nan odisyon an nan dat randevou a, li dwe bay lekòl la yon lèt doktè kòm prèv twa (3) jou apre dat randevou odisyon an pou montre li te malad. Se lekòl la SELMAN ki kab plase yon lòt randevou odisyon pou elèv la si gen plis dat ak lè pou odisyon.

5. **Resewwa lèt palapòs**, papita **pase 10 avril 2012**, pou konnen si wi ou non yo aksepte elèv la. Gen kèk elèv ki pral sou lis retetann lè demand elèv kalifye yo depase kantite plas ki disponib. Y ap chwazi elèv yo sou baz tiraj osò osito yo louvri.

Metòd pou fè apèl: Paran ki kwè yo pat bay pitit yo opòtinite adekwa pandan odisyon pou lekò oswa pwogram espesyalizasyon an oswa nan pwosesis pou elijibilite akòz yon pwoblèm teknik oswa enjistis kapab ale annapèl. Paran an dwe soumèt yon aplikasyon apèl sou elijibilite pwogram espesyalizasyon (Fòm #PBSD 2418) bay direktè Pwogram Espesyalizasyon ak opsyon karyè nan **dis (10) jou lekòl** apati dat lèt lotri ki endike nan ki pwogram yo plase timoun nan, kenbe l sou lis datant, oswa li pa elijib pou pwogram nan.

Pou plis enfòmasyon osijè Pwogram espesyalizasyon ak Opsyon karyè, tanpri ale sou <http://www.palmbeachschools.org/choice programs>.

Yo dwe poste aplikasyon an anvan 16 desanm 2011

Ou kapab soumèt aplikasyon an sou papye OSWA sou entènèt*.

Y ap resevwa aplikasyon anreta yo nan Depatman Pwogram Espesyalizasyon ak Opsyon Karyè aprè dat 16 desanm 2011. Men, yo PA P enkli li nan Seleksyon Lotri mwa mas 2012 la epi li kapab antre sou lis la SELMAN aprè yo fin plase tout aplikan sou lis datant la.

Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon yo disponib nan:

- *Ranpli youn sou <http://www.palmbeachschools.org/choiceprograms>

OSWA

- Ranpli ak Enprime youn kopi sou www.palmbeachschools.org/choiceprograms epi poste l oswa pote l ale nan Distri lekòl Rejyon Palm Beach/Depatman Pwogram Espesyalizasyon ak Opsyon Karyè ki lokalize nan 3308 Forest Hill Boulevard, suite C -124, West Palm Beach, FL 33406 - telefòn: (561) 434-8755

Ranpli ak soumèt yon aplikasyon:

- Yo dwe soumèt yon sèl aplikasyon pou chak elèv.
- Y ap pèmèt swa youn oswa de chwa sou chak aplikasyon epi yo dwe klase kòm premye ak dezyèm preferans.
- Paran elèv la DWE abite nan rejyon Palm Beach la nan moman y ap soumèt aplikasyon an.
- Elèv la te DWE gen yon nimewo si li ale lekòl nan rejyon Palm Beach la
- Adrès ki sou aplikasyon an **dwe mache** avèk adrès ki sou dosye lekòl la sinon y ap rejte aplikasyon an.
- Yo p ap aksepte okenn chanjman pwogram aprè elèv la fin soumèt aplikasyon l.
- Yo ankouraje Paran yo anpil pou yo ranpli ak soumèt aplikasyon an sou entènèt avan dat limit la pou fè pwosedi aplikasyon an pi rapid. Ap genyen yon resi ki konfime resepsyon an.
- Si aplikan soumèt yon kopi, yo dwe delivre orijinal la alamen oswa poste l bay depatman Espesyalizasyon ak Opsyon Karyè avèk yon kachè postal pa pita pase 16 desanm 2011.

Nimewo kontak enpòtan pou BAK MSAO:

Biwo Espesyalizasyon	(561) 882-3801
Kowòdonatè pwogram Edikasyon pou Elèv Espesyal (ESE)	(561) 882-3852
Depatman ESOL	(561) 882-3874



Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la se yon enstitisyon ak yon anplwayè ki bay tout moun menm chans nan edikasyon ki aksepte aplikasyon Elèv ESE, ELL ak 504 nan kèlkeswa pwogram espesyalizasyon an.

Distri lekòl la entèdi diskriminasyon kont kèlkeswa elèv k ap aplike a sou baz relijyon, ras, gwoup etnik, nasyonalite, koulè po, sèks, kondisyon matrimonyal, laj, kondisyon parantal ak andikap nan kèlkeswa pwogram, aktivite oswa sèvis l ap bay yo.

TOUT ELÈV YO DWE PASE YON ODISYON pou yo kapab aksepte yo nan Lekòl Atizay Entèmedyè BAK. Anmezi w ap monte nan pi gwo klas, anmezi ou bezwen fè pi gwo nòt pou kab pase odisyon w lan.

**Dat enskripsyon pou odisyon
Nan lekòl Atizay Entèmedyè BAK
pou admisyon nan otòn 2012**

Enskripsyon pou odisyon an se yon sesyon apa pou aplikan ki te **mete yon randevou pou odisyon!** Yon paran, responsab oswa yon granmoun ki reprezante elèv la ta **DWE** vini lekòl la pou pran randevou pou odisyon an! Li pa nesesè pou telefone davans; Paran kandida a kapab vini patisipe nan youn pami de sesyon enskripsyon pou odisyon an.

Elèv yo ta dwe pare pou vin nan odisyon an depi apati 21 janvye 2012.

Men dat sesyon enskripsyon pou odisyon yo

Mèkredi 11 janvye 2012 9:30 jiska 11:30 nan maten

Jedi 12 janvye 2012 9:30 jiska 11:30 nan maten

****Ou kapab rive nan Bak MSOA anenpòt moman ant 9 :30 a.m. jiska 11 :30 a.m. men pingga w rive avan 8:45 a.m., piske y ap kenbe randevou yo dapre yon metòd kontinyèl.***

Elèv ESE /504/ELL (ki te rele ESOL anvan):

Si pitit ou a genyen yon **plan IEP** osinon **504** pou kounye a, pote yon kopi nan **sesyon enskripsyon odisyon** an yon fason pou jwenn akomodasyon. Paran yo ap bezwen fè yon kanpe bò tab ESE a nan dat sa a pou pale avèk yon reprezantan.

Yo mande tout Elèv ELL yo pou pase bò tab ELL la nan moman sesyon enskripsyon pou Odisyon an yon fason pou fè demann entèprèt.

Elèv lekòl prive ki pa genyen plan IEP distri a oswa Plan 504 distri a kab solisite akomodasyon nesesè pou odisyon an si paran an bay lekòl la dokimantasyon apwopriye sou andikap elèv la nan moman enskripsyon pou odisyon an.

Paran elèv ki entèlijan yo PA bezwen pote Plan Edikatif Elèv (EP) la nan moman sesyon enskripsyon odisyon an.

Si w gen kesyon sou akomodasyon yo, rele kowòdonatè (tris) ESE Bak MSOA la nan (561) 882-3852.

Si pitit ou a se yon elèv ELL (ki te rele ESOL anvan) epi li bezwen yon entèprèt, tanpri, kontakte Biwo Admisyon ESOL la nan (561) 882-3819.

Pwosesis Odisyon pou Admisyon **2012-2013**

Tout seyans odisyon yo ap dewoule nan enstalasyon kanpis lekòl Bak MSOA. Nou swete Paran k ap mennen pitit yo nan odisyon jou randevou a byenveni. men yo pa kapab kondui pitit yo antre andedan sal odisyon an. Tout elèv ki enskri nan Bak MSOA dwe ranpli kritè lekòl la tabli atravè pwosesis odisyon an yon fason pou yo fè pati sistèm tiraj lotri a pou bayo admisyon nan lekòl la. Plis nivo klas yo piwo se plis kalifikasyon pou reyisi yo vin obligatwa.

Aktyèlman genyen anpil moun nan lekòl la ki kapab gide ak ede elèv yo pandan y ap prepare pou pwòp odisyon yo. Pale avèk pwofesè atizay ak mizik, espesyalis bibliyotèk, konseye pedagogik, ak pwofesè lang ou a. Si w genyen kesyon, rele Bak MSOA nan (561) 882-3801.

Nan paj ki pi vin aprè yo, genyen **kondisyon espesifik pou odisyon** nan chak matyè atizay. Tanpri, pran san w pou w li kondisyon sa yo yon fason pou pitit ou byen prepare pou pwòp odisyon l. Yo sèvi avèk yon ribrik pou bay nòt pou odisyon yo epi depi prezantasyon yon odisyon enkonplè sa pral lakòz kandida a pèdi pwen. Elèv ki suiv tout kondisyon obligatwa pou pase odisyon an epi ki byen motive pou antre nan Bak MSOA ap kontan fè eksperyans odisyon sa yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri gade nan Màyèl enfòmasyon pou Lekòl Espesyalizasyon, Màyèl Pwosedi Pwogram espesyalizasyon ak enfòmasyon adisyonèl ale http://www.palmbeachschools.org/choice_programs.

Kontinye li pou jwenn plis detay enpòtan
sou pwosesis odisyon an.

Odisyon pou Kominikasyon

Klas kominikasyon nan Bak MSOA yo gen ladan disètasyon, jounal, albòm lekòl, radyodifizyon & fotojounalis, relasyon piblik/maketing piblisite, pwodiksyon nan domèn televizyon/videyo/sinematografi/radyo, epi retorik ak deba.

Elèv yo bezwen vin nan odisyon yo prepare avèk:

1. Yon **REPÒTAJ NOUVÈL ANDIRÈK ki dire swasant segonn** sou nenpòt topik elèv la te prepare ak memorize pakè. Koreksyon jij yo ap baze sou kreyativite, ekspresyon, entèaksyon ak piblik la, ak prèv se yo ki te prepare li. Li obligatwa pou elèv yo soumèt **repòtaj nouvell yo ekri alamen** bay manm jiri yo nan jou odisyon an
2. Yon egzanp **ORIJINAL** yon travay medya ki se yon **piblisite orijinal nan magazin** yo te prepare pou yon pwodui **orijinal** oswa yon sèvis elèv la envante (Reflechi sou yon fantezi, envante yon bagay nan lespri w).

Kritè pou pwodiksyon medya:

Fèy Papyè 8 ½ x 11 (pa pi gwo/ni pi piti)

Bidimansyonèl sèlman

Elèv la dwe ekri tout non li ak nivo klas li nan do fèy la.

REMAK: Koreksyon jij yo ap chita sou kreyativite, jan li itilize divès eleman ki nan pwojè a (tit, foto, eslogan, enfòmasyon sou pwodui, eksetera), ak detay sou aparans jeneral jan pwojè a prezante. Piblisite a dwe genyen yon mesaj klè. Se elèv yo ki *pwodiktè* pwodui ak piblisite y ap enprime a. Sa vle di se yo ki dwe kreye pwòp pwodui/sèvis yo epi se yo ki responsab an premye pou konsepsyon ak fòm reklam enprime yo a. **Yo pa p remèt elèv yo travay medya yo prepare a.**

SUIV ESPLIKASYON: Y ap retire pwen sou nenpòt pati nan pwosesis adjidikasyon kote yo pa suiv esplikasyon alekrit yo. Tanpri, pran tan ou pou li esplikasyon yo bay yo plizyè fwa.

Nan odisyon an tou, elèv yo ap gen pou:

1. **Ekri yon tèks fiktif tou kout dapre yon foto yo obsève** nan kòmansman odisyon yo a. Elèv yo ap genyen 15 minit pou yo prepare ak konpoze yon ti istwa tou kout yo imagine dapre sa yo wè nan yon foto. Nòt y ap bay elèv yo ap baze sou kreyativite, teknik konpozisyon fiktif, kontni naratif, konsantrasyon, òganizasyon ak detay ide segondè yo.

Odisyon pou Dans

Klas dans 6^{yèm} ane Bak MSOA a genyen balè ak dans modèn ladan; klas 7^{yèm} & 8^{yèm} ane dans yo genyen ladan balè, dans modèn ak dyaz.

Elèv yo ap gen pou:

- 1. Patisipe nan yon klas dans** ki enkòpore balè ak dans modèn. Evalyasyon ap baze sou abilitè teknik kandida a, kalite mouvman, fleksibilite, maleyablite ak potansyalite an jeneral. Malgre yo p ap teni kont sou fòmasyon preyalab elèv la nan dans, li nesèsè pou li genyen aptitud pou dans ak teknik fizik.
- 2. Egzekite yon solo dans ki prepare** ki pa dire pi long pase yon minit. Elèv la ap gen pou egzekite solo dans sa a pou kont li devan jij yo. Yo p ap aksepte ni degizman ni akseswa oswa lòt dekorasyon. Solo dans la dwe mete aksan sou kalite sa dansè a pi gran abilitè dansè a. Pa bliye vire, sote ak chanje nivo yo. Tanpri itilize tout espas estidyo a ak kò w. Evalyasyon an baze sou mouvman, mizikalite ak ekspresivite. *Pingga pipe mizik la.*

Abiman apwopriye: Ti fi yo sipoze mete mayo kolan koulè ak pantalon kolan oswa ba ki pa kouvri pye yo. Mare tout cheve yo ale sou dèyè an chou. Ti gason yo ta dwe mete mayo blan oswa nwa ak manch long oswa kolan ki pa kouvri anlè. Tanpri mete rad ki byen chita sou ou (pa mete mayo oswa pantalon ki twò gwo). Elèv ki gen soulye balè sipoze mete yo. Tout elèv sipoze prepare yo pou yo mache pye atè. Pingga mete ni jip, ni abako, ni bijou.

Mizik: Kandida a sipoze pote yon CD mizik pou solo a, non elèv la ak nimewo mizik li chwazi a dwe ekri sou li. Si CD a se yon kopi, fè sèten li byen prepare. Si se yon kasèt elèv la ap itilize, kasèt la sipoze nan kòmansman chante elèv la chwazi a. Elèv yo ta dwe konnen si chan yo chwazi a nan fas A oswa fas B.

Elèv klas 6^{yèm} ane yo ap pran klas dans nan balè ak dans modèn chak jou si yo aksepte yo. Tout dansè klas 7^{yèm} & 8^{yèm} ane yo ap pran klas nan balè, dans modèn ak dyaz chak jou.

Odisyon pou mizik

Fanfa, enstriman ak kòd, Vokal & Klavye/Pyano

Aplikan yo dwe pote pwòp enstriman mizik yo pou odisyon y ap fè pou fanfa ak pou enstriman akòd. Pou vokal elèv yo kapab pote yon sedè (CD) kòm akonpayman enstrimantal. Y ap bay pyano ak enstriman ak kòd. Bak MSOA pa bay tanbou. Malgre elèv yo gen dwa pran tès odisyon an ak nenpòt enstriman ki akseptab, Bak MSOA pa bay kou sou Gran Atizay pou tout enstriman mizik yo. Egzanp: gita, batri, klòch a men, osinon yo pa bay kou espesyal pou enstriman ki pa jwe nan òkès.

Fanfa (Senbal, pèkisyon ak enstriman a van)

Elèv yo ap:

1. **Jwe yon solo** ki montre ki pi gwo ranman ou ka bay. Ou pa bezwen yon akonpayatè. Elèv yo dwe pote **de** (2) kopi patisyon mizik yo a pou jij yo.
2. **Kondisyon Odisyon gen ladan yo tou:**
 - reponn kesyon aloral konsènan kle pou nòt yo, nòt ak valè pòz yo
 - koute yon seri 3-4 ton sou pyano a epi antone yo lè w fin koute yo
 - jwe yon gam majè li prefere
 - li mizik

Yo pral evalye kandida yo dapre fason yo jwe nòt wo avèk presizyon, dapre kalite ton an, presizyon ritmik, ekspresyon, abilite pou pwodui yon gam majè, teknik, lekti, matche ton ak efè mizikal ak abilite pou pwodui yon gam majè.

Kòd (Vyolon, vyolon alto, vyolonsèl, ak bas)

Elèv yo ap:

1. **Egzekite yon solo** ki montre pi gwo ranman ou ka bay. Ou pa bezwen yon akonpayatè. Elèv yo dwe pote **de** (2) kopi patisyon mizik yo a pou jij yo.
2. **Kondisyon Odisyon gen ladan yo tou:**
 - kandida a jwe yon gam majè li renmen osinon de oktav, ak senbòl mizikal.
 - kandida a koute yon seri 3-4 ton sou pyano a, epi li antone yo lè n fin Tande yo.
 - reponn kesyon aloral konsènan kle pou nòt yo, nòt ak valè pòz ak senbòl mizikal
 - Li mizik

Yo pral evalye kandida yo dapre fason yo jwe nòt wo avèk presizyon, dapre kalite ton an, presizyon ritmik, ekspresyon, abilite pou pwodui yon gam majè, teknik, lekti, matche ton ak efè mizikal ak abilite pou yo pwodui yon gam majè.

Vokal

Elèv yo ap:

1. **Egzekite yon solo li aprann pakè***. Elèv yo dwe pote **de (2)** kopi patisyon mizik la pou jij yo. Yo pral evalye elèv yo dapre abilte vokal yo, matche ton (tande yon seri 3-5 liy amonik epi chante yo), presizyon nan ton solo, presizyon ritmik, kalite ton, ekspresyon, ak efè mizikal.

Akonpayman: Elèv yo kab chante avèk oswa san akonpayman. Si akonpayman nesesè, li dwe sou sidi (CD). Elèv la dwe chante sou CD ki pa gen vwa sou li.

Tanpri konnen byen elèv la pa oblije fin fè solo a pou jij yo evalye li.

*Ou kab achte nan magazen mizik lokal yo liv yo sigjere pou tès odisyon vokal la, ki gen ladan:

(Sa yo se sijesyon sèlman, se pa yon obligasyon)

- * Folk Songs for Solo Singers, Volumes 1&2 – Jay Althouse
- * The Young Singer – Richard Row
- * Easy Songs for the Beginning Soprano, Volume 1
- * Easy Songs for the Beginning Mezzo-Soprano, Volume 1
- * Easy Songs for the Beginning Tenor (pou vwa gason ak chanjman sèlman), Vol. 1
- * Easy Songs for the Beginning Bass, Volume 1

Tout sa ki site nan lis sa a la disponib sou fòm sidi (CD) pou fè repetisyon osinon pou lè w ap pèfòme.

Pyano/Klavye

Elèv yo ap:

Odisyon pou Teyat

Elèv seksyon teyatral Bak MSOA yo pral etidye ak eksplòre tout aspè pwosesis teyatral la. Pamwayen etid nan salklas ak repetisyon nan estidyo, yo fòme elèv yo nan domèn pèfòmans sou kesyon jwe ak teyat mizikal, konsepsyon, mizansèn, teknik teyatral ak jesyon mizansèn. Anplis, y ap aprann prensip pou aprann prepare pyès teyat, istwa teyat, ekri pyès teyat ak apresyasyon pou odyans.

Pou prepare pou odisyon, elèv yo ap:

Prepare ak memorize yon monològ yo tire nan yon pyès teyat ki pa dwe pi long pase yon minit (60 segonn oswa mwens). Elèv yo dwe kreye yon pèsonaj, men non pa fè diskou oswa resite powèm. Pèsonaj la kab gen nenpòt laj depi elèv la konprann mo yo ak sijè a ki dwe apwopriye pou yon piblik ki gen elèv sèlman. Pa itilize ni dekorasyon ni degizman. Fonksyone nan yon tan delimitè p ap genyen yon enpak negatif sou rezilta a men yo dwe evite l.

Pandan odisyon teyat la elèv yo ap:

1. Prezante yon monològ prepare pou yon minit. Jiri a ap gen pou bay elèv la nouvo konsèy.
2. Patisipe nan yon egzèsis teyat: Pa genyen okenn preparasyon espesifik pou egzèsis sa a. Objektif elèv la se prete atansyon, fè sa yo mande l fè ak ekspriye pwòp ide li yo libreman.

Y ap evalye elèv la selon kritè ki site anba. Nap evalye chak elèv sou potansyèl li kòm yon elèv an teyat. N ap aplike kritè odisyon an annantye pou timoun nan olye se sèlman preparasyon monològ la oswa abilite pou prezantasyon yo.

- Preparasyon (travay an ekip, lidèchip, koutwazi, responsablite)
- Vwa (kontwòl vwa ak patisipasyon enfòmè)
- Mouvman (kontwòl kò ak patisipasyon jistifye)
- Prezans senik (enèji ak konsantrasyon sou platfòm)
- Kreyativite (orijinalite, libète dekspresyon)
- Kouraj nan jwe teyat (dispozisyon pou pran risk)
- Pran kòmand (sansiblite pou antrene)
- Jistifikasyon (atikilasyon ide yo : sa pèsonaj la vle)
- Onètete nan jwe teyat (kreye yon pèsonaj reyèl)
- Abilite atistik (kreye ak kenbe mouvman reyalis)

OPSYONÈL: Si yon elèv devlope anpil enterè oswa talan pou chanson ak/oswa tabli oswa konfeksyonè, li kapab seleksyone YOUN, TOUDE oswa OKENN nan opsyon anba yo. Sote opsyon sa a p ap afekte rezilta elèv la.

Chan: Elèv la kapab prepare ak memorize yon **chan ki sòti nan yon pyès Broadway**. Chan an ta dwe mezire 16 ba (anviwon 30 segonn) epi li dwe chante san akonpayman. Elèv yo ta dwe chante sèlman si yo konfòtab pou chante; li pa obligatwa epi yo p ap sanksyone elèv yo si yo *pa chante*.

Desen: Elèv yo kapab prepare **desen yon kostim** sou yon pèsonaj monològ ki enspire yo, oswa **fè desen yon sèn** ki enspire sou yon monològ. Yo ta dwe itilize kreyon koulè sou yon fèy papye blan 8.5"x11". Ankò, Sa a se yon opsyon men li pa obligatwa epi yo p ap sanksyone okenn elèv ki chwazi pou yo *pa soumèt yon desen*.

Konsèy pou prepare odisyon an:

- W ap jwenn monològ pafè a men ou dwe chèche toutotou. Nan bibliyotèk, libreri lokal, www.dramabookshop.com, www.playscripts.com, se kèk nan sous nou sijere.
- Evite monològ ki pa nan pyès teyat. (Gen anpil ki ekri sèlman kòm odisyon izole oswa monològ pou salklas ki pa toujou bay aktè a sa li bezwen an pou kreye yon pèsonaj enpòtan). Si posib, li pyès la ki se sous monològ ou a.
- Evite materyèl klasik (Shakespeare, Moliere, Shaw, Ibsen, Chekhov, elatriye.)
- Evite konplikasyon kote w ap imite aksan oswa dyalèk (amwenske ou fè yo vrèman byen)
- Evite pran antrènman ak eksplikasyon nan plizyè sous varye ki kapab kreye konfizyon pou jen aktè a.
- Pa gen dekorasyon ni kostim. Mete rad ki pa sere, ki konfòtab pou kab fè mouvman lè odisyon w lan.
- Prepare bonè : memorizasyon monològ la se sèlman kòmansman travay aktè a.

Odisyon pou Atizay Plastik

Klas yo bay nan Depatman atizay plastik Bak MSOA genyen ladan seramik, desen, penti, fotografi, eskilti, penti miral, ak enprimri.

Gen **twà (3)** pati nan prezantasyon atizay plastik pou odisyon an. Travay ki prezante a dwe montre elèv la konprann **elemen ak prensip desen** (tankou liy, fòm, espas, koulè, teksti, ak valè) ak **pati prensipal** (balans, rit, nyans, pwopòsyon, mouvman ak pati prensipal). Anplis, y ap evalye travay elèv la sou orijinalite ak nivo teknik li. Yo ankouraje kandida yo pou yo prezante travay yo fè menmsi yo pa fini. Kandida yo kapab sèlman pote travay yo te fè nan 4yèm ak 5yèm ane, epi pa pote travay ki pa pou yo. **Li obligatwa pou elèv la vini ak pòtfolyo travay atizay, epi se elèv la ki sipoze prepare epi mete l ansanm.**

Premye pati:

Prepare pòtfolyo ou anvan odisyon.

Pòtfolyo ou a sipoze genyen:

- **Yon otopòtre w an nwa e blan ki fèt pandan w ap gade nan glas, pa yon foto.** Sèvi ak kreyon penti oswa chabon.
- **Yon eskilti 3-D (tridimansyonèl)** ki fèt ak nenpòt materyèl.
- **Desen yon plant, flè, oswa pyebwa,** dapre obsèvasyon itilize koulè ak lonbray. Pati ki pi enpòtan nan desen sa se fason ou itilize koulè.
- **Yon kwoki, katab oswa koleksyon travay resan,** tankou desen ou fè sou sa ou obsève nan vi reyèl (tanpri travay 4yèm ak 5yèm ane sèlman!). Nan koleksyon sa a, li kapab nenpòt kalite pwodui atizay. Nenpòt kantite tou. Ale pou kalite, pa pou kantite. Yon lòt fwa ankò, travay resan sèlman.

Dezyèm pati:

Obsèvasyon Tès desen nan odisyon an:

Nan odisyon an, elèv yo pral patisipe nan yon klas atizay kote y ap bayo yon gwoup objè prearanje nan yon fason nati mòt. Apresa, elèv yo ap fin konplete desen obsèvasyon nati mòt 2-D yo te bayo. Yo evalye aplikan yo sou abilite yo pou kreye yon deskripsyon egzakt ki sanble ak nati mòt yo te ba yo a. Sa ap gen ladan l tou konpreyansyon yo sou pwopòsyon, plasman (relasyon ant espas korèk objè yo), dispozisyon konpozisyon sou paj la, kalite liy ak/oswa chanèl metye ak imajinasyon atravè atizay vizyèl, ak travay pou kreye plis. Nou espere elèv yo gen yon konpreyansyon debaz sou valè ak rido, men se pa yon prezantasyon konplè avèk gwo pyès teyat k ap dewoule dèyè rido. Sa kapab enkli yon bon ranje valè (omwen sis) avèk abilite pou yo gen tranzisyon nan mitan yo. Y ap bezwen 45 minit pou acheve travay la. Evalyasyon desen an ap gen ladan l tou abilite teknik elèv la pou l fè travay la nan kantite tan yo ba li, orijinalite ak achèvmman travay la.

Twazyèm pati:

Egzèsis imajinatif nan odisyon an:

Nan odisyon an, y ap mande elèv yo pou yo desine yon jwèt ki genyen ladan l kritè espesifik sou desen. N ap ofri dekorasyon ak egzanzp. Yon egzanzp pou kritè desen kapab yon jwèt k ap naje, vole, fouye tè, elatriye. Y ap mete aksan sou pwosesis kreyativite. N ap mande tout aplikan yo pou yo dokimante pwosesis desen nan kad chwa anba yo: apèsi ki ekri avèk eksplikasyon, bann desine (senaryo desine), ak/oswa modèl (modèl). Yon eksplikasyon ekrit plan solisyon elèv la kapab genyen ladan l fonksyon li, laj apwopriye, benefis posib (tankou yon jwèt sou edikasyon) ak/oswa avètisman. Materyèl yo ap genyen materyèl desen tankou yon melanj materyèl ki mete ansanm (i.e. tep, fèy eten, fil mens, elatriye). Y ap evalye elèv yo sou orijinalite, vizyon kreyativite ak ekspresyon pèsonèl. Enpòtans egzèsis sa a se pou mezire kòman kreyativite opoze ak konpetans obsèvasyonèl ak teknik.

Kèk enfòmasyon sou lekòl entèmedyè atistik Bak

- Lekòl Entèmedyè Bak se yon lekòl piblik ki desèvi 1360 elèv entèlijan ki nan 6^{yèm}, 7^{yèm}, ak 8^{yèm} ane epi ki gen talan.
- Bak MSOA chwazi elèv ki rete nan tout rejyon Palm Beach la pandan pwosesis aplikasyon, lotri, ak odisyon.
- Bak MSOA bay yon gwo ansèyman sou atizay nan domèn Atizay sou Kominikasyon, Dans, Teyat, Mizik Vokal, Kòd, Fanfa, Pyano/Klavye, ak Atizay Plastik.
- Bak MSOA suiv menn pwogram etid ak tout lòt lekòl entèmedyè ki nan rejyon Palm Beach.

Pwogram ansèyman

Lekòl entèmedyè atizay Bak la devlope enterè ak talan elèv yo nan atizay plastik, nan pèfòmans, ak nan kominikasyon. Anmenmtan, li ranfòse disiplin akademik ak yon apwòch global, entèdisiplinè ki mete aksan sou orijinalite ak ekspresyon atistik. Atis k ap vizite, atis ki rezide ak konferansye yo entèaji regilyèman epi yo sipòte fakilte atizay pwofesyonèl la, ak elèv yo nan mete sou pye yon pwogram atizay jansadwa. Genyen opòtinite pou pèfòmans nan tout nivo. Yon elèv lekòl entèmedyè atizay BAK MSOA fè eksperyans avèk yon fòmasyon byen balanse nan atizay ki pa gen konparezon, epi li chaje tou avèk eksperyans akademik ki san parèy. Yo pase tout jounen an ap fouye ekselans akademik. Mete sou sa, lekòl entèmedyè atizay BAK la pa manke aktivite sòti nan espò tonbe nan klib, rive nan pwogram gadri aprè lekòl. Genyen transpò gratis pou tout elèv yo aksepte.

Kourikoulòm klasik

Kominikasyon
Matematik
Aljèb Onè I
Jewometri ak Onè
Syans: Lavi, Fizik, latè
Fransè
Panyòl
Konpitè
Fondasyon nan atizay
Lekti
Edikasyon fizik
Istwa mondyal
Istwa Ameriken
Sivik

dènve ane

Espò & Klib yo

Volebòl
Baskètbòl
Bezbòl/Sòfbòl
Atletism
Foutbòl
Gòlf
Jwèt matematik Akademik
Matematik nesesè
Jwèt sou etid sosyal akademik
Ekip STEP
Klib echèk
Ekip Dans
Klib Majorèt
Sosyete Nasyonan Onè pou elèv avan dènve ane yo
Klib liv
Sosyete entènasyonan Thespian pou elèv avan

Ekip Recycling Green
Elèv gouvènman
S.E. Konsòsyòm pou matematik ak jeni

Kesyon moun toujou ap poze....

K. Ki kote lekòl entèmedyè Atizay Bak lokalize?

R. MSOA lokalize nan anviwon senk blòk nan pati sid 45th street jis alès I-95.

K. Ki kondisyon yo enpoze pou admisyon?

R. Lekòl Entèmedyè Atizay (BAK MSOA) aksepte admisyon elèv nan nivo sizyèm, setyèm ak uityèm ane. Paran aplikan yo dwe abite nan rejyon Palm Beach la nan moman yo soumèt aplikasyon pou admisyon an. Aplikan yo dwe fè yon odisyon pou ane yo aplike a nan youn pami uit matyè atizay yo. Pwosesis odisyon an varye soti nan youn matyè atizay pou ale nan youn lòt. Yo dwe suiv kritè odisyon yo avèk anpil atansyon nan moman y ap prepare pou odisyon an. Kandida a dwe pase odisyon Bak MSOA pou yo aksepte l pou seleksyon lotri admisyon.

K. Ki etap pwosesis aplikasyon ak odisyon pran?

R. Yo aksepte aplikasyon sòti nan mwa oktòb rive 16 desanm 2011. Se sèlman youn aplikasyon yo kapab soumèt pou chak elèv. Adrès aplikan an mete sou aplikasyon an dwe mache avèk adrès li itilize nan dosye lekòl li a sinon y ap elimine aplikasyon an.

Randevou pou odisyon yo dwe fèt an pèsòn pandan sesyon enskripsyon pou odisyon (gade nan paj 3). Elèv yo ta dwe kòmanse prepare pou odisyon an apati 21 janvyè 2012. Odisyon yo fèt sou randevou nan mwa janvyè ak fevriye. Y ap avize elèv yo pa lapòs pa pita pase 10 avril 2012.

K. Konbyen chwa yo bay sou aplikasyon Pwogram Espesyalizasyon?

R. Yo aksepte swa youn oswa de chwa sou chak Aplikasyon Pwogram Espesyalizasyon. Se aplikan yo ki chwazi premye ak dezyèm preferans yo. Yo kapab seleksyone de chwa pou Bak MSOA.

K. Èske elèv ki pa genyen bonjan fòmasyon nan atizay kapab kalifye pou lekòl entèmedyè Atizay Bak ?

R. Elèv ki genyen potansyalite oswa talan ki pa devlope jwenn menm konsiderasyon ak elèv ki gen teknik ki pi devlope.

Kesyon moun toujou ap poze....

K. Èske yo egzije yon mwayèn pou yon elèv rantre nan lekòl entèmedyè Atizay Bak ?

R. Non. Yo aksepte elèv yo sou baz odisyon yo fè sèlman.

K. Eske gen aranjman pou elèv ki nan IEP oswa plan 504 kounye a?

R. Wi. Nan sesyon enskripsyon pou odisyon an, ou DWE pote yon kopi nouvo IEP oswa plan 504 la epi vizite tablo ESE a yon fason pou kapab fè demann aranjman pou odisyon an. Elèv lekòl prive ki pa genyen IEP distri a oswa yon plan 504 kapab tou fè demann aranjman pou odisyon an si paran yo bay lekòl la dokiman apwopriye sou andikap elèv la pandan sesyon enskripsyon pou odisyon an.

Ou kapab kontakte kowòdonatè (tris) ESE lekòl la nan (561) 882-3852 si w gen kesyon.

K. Esi anglè se pa lang matènèl elèv la?

R. Gen sèvis entèprèt pou ede elèv ki pale anglè kòm yon dezyèm lang. Paran yo dwe kontakte biwo ELL admisyon lekòl la nan (561) 882-3819.

K. Èske pwogram akademik Bak MSOA la ofri nivo kou ki varye?

R. Wi, Bak MSOA dispansè kou sou edikasyon espesyal, pou elèv ki genyen talan, li ofri tou kou regilye menmjan tou li ofri kou nan nivo segondè nan matematik ak lang etranjè. Elèv ki kite lekòl nou an aprè klas uityèm ane pare nan domèn akademik ak atizay pou anpil pwogram lekòl segondè.

K. Èske yo pa ofri okenn klas pou elèv ki idantifye kòm ESE?

R. Wi, nou gen anpil elèv ESE nan lekòl entèmedyè Atizay Bak. Nou ofri yon varyete resous eksepsyonèl pou elèv dapre sa ki ekri nan Plan Edikasyon Endividyèl yo.

Vizite

Lekòl Entèmedyè Atistik Bak

1725 Echo Lake Drive
West Palm Beach, FL 33407

Ki lè: Septanm – desanm 2011- Chak madi ak chak jedi 8è:45 pou rive 10è:30 nan maten.

Sou randevou sèlman, rele: (561) 882-3801, plas yo limite, konsa rele bonè

Chak madi ak jedi, apati mwa septanm, ou kab vin lekòl la pou wè sa n ap fè ! Wap wè bèl klas atizay kap travay sòti nan dans pase nan balansin rive nan fanfa dyaz, travèsè nan bwòs pamwayen atizay plastik, grandisman nan kominikasyon, epi mennen w nan depatman teyat. Pandan w sou wout ou, ou pral tande vwa koral kap chante, wap wè flèch kap vòltije nan fisèl, gade gwo mèvèy nan laboratwa klavye epi ranmase enfòmasyon w bezwen sou lekòl nou an.

Vizit yo ap kòmanse a 8è:45 nan maten epi yo fèt sou randevou sèlman. Tanpri, rele biwo espesyalizasyon lekòl entèmedyè atizay Bak nan (561) 882 – 3801 pou pwograme rankont eksperyans ou nan domèn atizay pa w la ! W ap kontan w te vini.

Kòmman pou w rive lekòl la :

Pran I-95 rive sou 45th street, pran direksyon lès epi kondui pou 1 mil rive North Shore Drive (enfaz estasyon Tri-Rail la). Pran direksyon sid nan North Shore Drive. Vire adwat sou Echo Lake Drive, lekòl la nan dènye bout ri a sou men dwat ou.

Lè w ap vizite Bak MSOA, tanpri suiv tout lwa sikilasyon an epi respektè wout prive baryè garaj ki antre kay vwazen yo, lakou yo, sitou twotwa yo. Vil West Palm Beach entèdi pou moun estasyon machin sou twotwa yo, yo ka fè vizitè yo peye amann pou sa. Tanpri, estasyon kote ki fèt pou sa epi pran pasyans ak mesye polis yo ak/oswa paran k ap ofri sèvis yo kòm volontè.

**DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH DEPATMAN
LEKÒL ESPESYALIZASYON AK OPSYON KARYÈ**

EKSPOZISYON LEKÒL YO POU ANE 2011

18 oktòb 2011

4:00 – 8:00 pm

Expo Center at the South Florida Fairgrounds